



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Selebrasyon mwa lang ak kilti kreyòl 2020

Liv mwa Oktòb la

Iv Dejan

**Yon lekòl tèt anba
nan yon peyi tèt anba**



Éditions de l'Université d'État d'Haïti

Prezantasyon otè a



Yves DEJEAN fèt 16 me 1927 an Ayiti. Nan ane 1977, li fè yon tèz doktora nan Lengwistik nan Inivèsite Indiana, Etazini. Li te reyalize tèz sila sou **kòman nou ka ekri kreyòl ayisyen an**. Sa ki te deja montre aklè angajman ak volonte pwofesè DEJEAN pou lang kreyòl ayisyen an layite kò li kòm sadwa. Podayè, nan dènye edisyon liv la, otè a fè mete non li an kreyòl ayisyen (Iv DEJAN). Li te etidye Filozofi ak Teyoloji tou. Doktè Yves DEJEAN kontribye anpil nan divès enstitisyon ann peyi a. Nan ane 1994, li te patisipe nan mete kanpe **Sekreteri Leta Alfabetizasyon**. 2013-2014, li te nan komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen an. Otè a mouri nan lane 2018. Li te pase tout vi li nan batay pou kreyolizasyon sitèm edikatif ayisyen an.

Kontèks prezantasyon liv la

Dapre misyon li genyen pou fè pwomosyon lang kreyòl ayisyen an, Akademi Kreyòl Ayisyen(AKA) ap inogire nan kad selebrasyon mwa Lang ak Kilti kreyòl la, yon nouvo pwogram « Konnen liv kreyòl ayisyen ». Konsa, Akademi Kreyòl Ayisyen chwazi limen pwojèkètè pandan mwa oktòb 2020 an sou liv: *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba* ki soti anba plim Yves DEJEAN (Iv Dejan) nan lane 2006.

Prezantasyon liv la

Dapre demann li resevwa pou liv la nan sosyete a, Yves DEJEAN reyalize yon 2èm Edisyon *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba* nan ane 2013 nan Edisyon Inivèsite Leta Ayiti (Éditions de l'Université d'Etat d'Haïti).

Nan tout liv la, otè a ap kesyone sistèm edikatif ayisyen an ki chita sou fòskote. Yon edikasyon doub vitès kote yon bann timoun ap aprann nan yon lang yo pa konnen ni konprann. Otè a ap sòlve pwoblèm sila yo pandan l ap ede rezoud divès obstak ki lakòz modèl lekòl sa pa ka reponn ak bezwen sosyete a. Pami gwo pwoblèm otè a poze, se zafè lang ansèyman an. Pou Yves DEJEAN, Leta ayisyen chwazi mete elèv ayisyen yo deyò nan lekòl, lè timoun yo pa gen posibilite aprann nan lang yo konprann nan.

Pou otè a, Lang kreyòl la se yon eleman enpòtan nan devlopman ak pwogrè elèv yo menm jan li se yon eleman enpòtan nan devlopman ak pwogrè Ayiti. Se pou sa, Yves DEJEAN pwopozè pou elèv ayisyen yo aprann nan lang kreyòl, lang manman ak papa yo. Se sèl fason pou yo aprann toutbonvire ak entelijan yo, san fè jako repèt san konprann.

Yon lòsyè nan liv la.

« Sèvi ak kreyòl ni nan aktivite lekòl ni nan aktivite Leta »

Nan yon kongrè moun save nan lasyans lang ak edikatè ki te reyini Awouba, nan Karayib la, 16-20 septanm 1980, Devonich te kritike yon mank nan diskisyon ak etid sou kreyòl, lè se pwoblèm edikasyon ak sistèm lekòl sèlman moun okipe. Lè konsa, se kòm si wòl kreyòl lekòl pa ta mele ni ak lavi yon peyi ni aktivite yon sosyete. Nan liv la, sa nou egzamine espesyalman, se rapò lang tout pèp ayisyen an ak tout pwoblèm edikasyon ki konsène tout timoun ak tout granmoun nan peyi a. Men, depi sou dezyèm pati nan liv la, *Nan yon peyi tèt anba*, sa ta dwe klè: tout moun bezwen konprann enpòtans lang kreyòl la nan tout pwoblèm Ayiti.» *Paj.383, Edisyon 2013.*

Nan okazyon selebrasyon mwa lang ak kilti kreyòl 2020 an, Akademi Kreyòl Ayisyen envite nou li liv *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*. Se yon liv ki envite nou reflechi sou pi bon fason edikasyon dwe fèt nan peyi a san nou pa detache lavi sosyal ak kiltirèl timoun yo ak edikasyon yo.

Bon lekti !

@ Direksyon Kominikasyon